



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Leksikografi bileng kreyòl-fransè ak Pwofesè Albert Valdman

Vandredi 4 fevriye 2022, Akademi Kreyòl Ayisyen òganize yon konferans ak pwofesè franko-ameriken Albert Valdman sou tèm « Kontribisyon syans lengwistik nan devlopman lang kreyòl : leksikografi bileng kreyòl-fransè. Daprè prezidan Akademi an pwofesè Rogéda Dorcé Dorcil rankont sila a ki te dewoule sou platfòm Zoom ak facebook antre nonsèlman nan kad aktivite Akademi an pou make Jounen entènasyonal lang matènèl divès peyi selebre 21 fevriye chak ane, men tou pou inogire yon ribrik tounèf “Kozri ak kreyolis yo”, enstitisyon an lanse pou rankontre yon ekip gwo zotobre, gwo lengwis ki rann lang kreyòl la anpil sèvis atravè zèv yo.

Nan entèvansyon li, pwofesè emerit Albert Valdman touche plizyè pwen. Li pale sou sitiyasyon sosyolengwistik peyi Ayiti ki chita sou yon diglosi franse / kreyòl, kote genyen yon minorite ki pale franse epi gwo majorite a oubyen tout Ayisyen ki pale kreyòl. Sitiyasyon an vin pi konplike toujou, daprè pwofesè a, lè li konsidere genyen plizyè varyete kreyòl: yon « kreyòl estanda » ou jwenn nan zòn pwovens, divès



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



varyasyon rejyonal ki gaye kò yo natirèlman toupatou nan peyi a epi genyen yon « kreyòl swa », tèm Dominique Fattier itilize pou pale de « kreyòl fransize », men an reyalyte ki se yon move kreyòl, dapre pwofesè a. Pou pi byen sènen kesyon varyasyon rejyonal nan lang kreyòl la, pwofesè a fè konnen genyen anpil travay ki rete pou fèt. Albert Valdman te manyen tou yon ansanm bèl travay tankou piblikasyon diksyonè ki fèt nan lang lan. Soti nan piblikasyon premye diksyonè Jules Faines nan ane 1974 pou rive jodi a, lang kreyòl la déjà fè anpil chemen. Pwofesè a fè yon rale sou divès diksyonè lang kreyòl la konnen, pandan li eseye gade limit yo chak epi sa yo pote kòm kontribisyon pou pèmèt lang lan avanse. Pami diksyonè sa yo, li soulinye genyen nan yo ki fèt pou etranje ki bezwen konnen kichòy nan lang kreyòl (Diksyonè bileng, trileng...), genyen lòt ki fèt pou natif lang lan (Diksyonè monoleng kreyòl). Pwofesè Valdman fè konnen li enpòtan pou nou revizite travay sa yo, kritike yo epi pouse yo pou pi devan. Pou Albert Valdman, yon bon diksyonè (bileng), se yon diksyonè ki pa fèmen je sou sa yo rele « ekstansyon semantik » yo. Kidonk, diksyonè sa a dwe prezante mo yo nan tout sans yo genyen, orijin yo,



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



elatriye. Diksyonè sa a dwe ranmase tou tout lokasyon ki akonpanye mo yo.

Plizyè gwo palto nan domèn linguistik te reponn prezan nan bèl kozri sa a: Akademisyen ak Konseye konsiltatif AKA , pwofesè Emmanuel Védrine ki se ansyen kolaboratè dirèk Albert Valdman nan Indiana University, te fè yon ti rale sou « kreyòl mezolektal / kreyòl bazilektal nan yon pèspektiv pwodiksyon diksyonè ». Atravè bèl echanj ki te genyen, patisipan yo te kreye yon anbyans byen anrichisan.

Albert Valdman ak lang kreyòl: yon konplisite san fay

Pwofesè emerit, kreyolis, Albert Valdman nan kategori lengwis sa yo ki kreye yon plas espyal pou lang kreyòl la nan kad travay yo kòm chèchè. Pou Akademisyen Rogéda Dorcé Dorcil, pwofesè Albert Valdman se yon entèlèktyèl ki pa bezwen moun prezante li ankò, tèlman travay li fè nan Kreyolistik, prensipalman nan leksikoloji ak leksikografi deja pale pou li. Pou repete moderatè rankont lan, pwofesè Joseph Marcel Georges, Albert Valdman manyen lang lan nan fonmal li, kote li pran tan vizite divès varyasyon ki genyen anndan lang lan yon fason pou li te ka pi byen sènen pwosesis estandadizasyon an. Li rive pwodui anpil



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



piblikasyon sou lang kreyòl la an jeneral, avèk yon atansyon patikilye sou kreyòl ayisyen. Pami piblikasyon li yo, nou jwenn: *Saint-Lucian Creole Basic Course*, 1966; *Basic Course in Haitian Creole*, 1968; *Créole et français aux Antille-Bibliographie créole succinte*, 1972; *Haitian Creole – English – French Dictionary*, 1981; *Haitian Creole – English bilingual dictionary*, 2007; *Haitian Creole: Structure, Variation, Status, Origin*, 2014.